



Kijan pou Vin yon Travayè Elektoral

Konte New Jersey yo, an patenarya avèk Depatman Deta, Divizyon Eleksyon an, ap chèche aktivman rezidan pou travay kòm travayè elektoral pou Eleksyon Primè kap vin byento yo.

Men repons twa premye kesyon sou fason pou vin yon travayè elektoral:

1... KIJAN POU MWEN APLIKE?

Kominote ou bezwen ou! Lè ou travay nan yon biwo vòt, ou pral:

- Touche \$21.43 pa èdtan pandan jounen moun vote an pèsòn epi \$300 nan Jou Eleksyon Primè an.
- Obsève gran demokrasi nou an ann aksyon, dirèkteman, epi jwi santiman ki vini lè ou fè kontribisyon pa ou nan kominote lokal ou, eta ou epi peyi ou.

2... KIYÈS KI KAPAB APLIKE?

Ou kapab aplike pou travay kòm travayè elektoral nan New Jersey si ou:


- Se yon sitwayen Etazini epi yon rezidan New Jersey.
- Ou se yon elektè ki registre nan konte kote ou rezide an.
- Genyen laj minimòm 16 lane. Nou ankouraje etidyan nan kolèj epi high school aplike tou. Nòt: Moun ki genyen laj mwens pase 18 lane pral travay yon kantite limite èdtan pou chak ka travay epi yo pa oblije registre pou vote. Kontakte County Board of Elections (konsèy elektoral konte) ou pou plis enfòmasyon.
- Ou pap prezante kòm kandida nan eleksyon sa yo.

3... KISA ANKÒ POU MWEN KONNEN?

Dat travay yo kapab dire ant mekredi 29 me jiska dimanch 2 jwen (peryòd vòt antisipe an) epi madi 4 jwen (Jou Eleksyon an). Èdtan avèk jou travay yo kapab diferan.

Aplike jodi menm nan sit [PollWorker.NJ.Gov](https://www.pollworker.nj.gov)!

Pou plis enfòmasyon, gade seri Videyo Edikasyon Elektè an ki rele ann anglè Voter Education Video Series nan sit [Vote.NJ.gov](https://www.vote.nj.gov) oswa skane isit.



Gouvènè Phil Murphy
Vis Gouvènè
Sekretè Deta Tahesha Way



1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)
[Vote.NJ.Gov](https://www.vote.nj.gov)

